

ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT

Administration Building
451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050

25 Avril2023

Apèl pou Prezans
6:00 p.m.

Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation
400 Central Avenue

An konfòmite avèk **Règleman 0162 Konsèy Depatman Edikasyon an ak Lwa sou Reyinyon Piblik Lib, Chapit 231**, sa a se pou anonse ke Reyinyon Piblik Lib Vityèl Chapi 231 Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ap konvoke avèk avi adekwa. Avi sou reyinyon sa a te afiche nan Biwo Administratif la, nou depoze'l nan Biwo Grefye Vil Orange lan epi nou remèt li bay Transkripsyon Orange, Star Ledger, ak Local Talk.

Konsèy Deapman Edikasyon Vil Orange lan ankouraje patisipasyon ak opinyon manm piblik la nan reyinyon konsèy li yo. Sepandan, an akò avèk Règleman Komisyon Konsèy la, nou p'ap pèmèt atak vèbal kont manm pèsònèl endividyèl yo oswa kont manm nan Komisyon Konsèy la. Nou ankouraje moun yo pou yo adrese Komisyon Konsèy la konsènan kòmantè ki gen rapò avèk atik ajanda a oswa pwoblèm konsènan pwosesis edikasyonèl. Kòmantè piblik yo limite a yon (1) patisipan pou yon dire maksimòm twa (3) minit. Tanpri n'ap avize ou ke, reyinyon sa ap anrejistre epi l'ap difize andirèk atravè entènèt. Konsèy Depatman Edikasyon an remèsye w pou kowoperasyon w.

SALYE DRAPO A

PREZANTASYON YO

Prezantasyon Bidjè 2023-2024 Distri a
Rapò Sipèentandan an, Dr. Gerald Fitzhugh II, Ed.D.
Jason E. Ballard, Administratè Biznis/Sekretè Konsèy Administrasyon an
Lamont T. Zachary, Asistan Administratè Biznis Lekòl yo/Asistan Sekretè Konsèy la

KÒMANTÈ PIBLIK

Reyinyon Distri yo

PWOCHÈN ORÈ REYINYON YO JAN LI YE ANBA A:

Piblik

- Reyinyon Vityèl Komite Relasyon Piblik yo – Mèkredi 3 Me 2023 a 4:00 p.m.
- Reyinyon Piblik Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan- Mèkredi 10 Me 2023 a 7:30 p.m., k'ap fèt nan Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation, 400 Central Avenue Orange, NJ 07050. Y'ap pran yon ti Pòz a 6:45 pm jiska pa pita ke 7:30 pm

Fèmti

- Reyinyon Vityèl Komite Kourikoulòm lan – Madi 25 Avril 2023 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Etablisman yo – Lendi 1ye 2023 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Règleman yo – Jedi 4 Me 2023 a 4:00 pm.
- Reyinyon Vityèl Komite Finans lan- Jedi 4 Me 2023 a 5:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Resous Imèn lan – Lendi 8 Me 2023 a 5:30 p.m.

KORESPONDANS YO

KÒMANTÈ DEPATMAN EDIKASYON YO

ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT
Administrative Office

451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050

25 avril 2023

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Lekòl Piblik Distri Orange lan te resevwa Èd Eta li a nan dat 2 Mas 2023 a; epi

ALÒSKE, Distri a te prepare yon bidjè pou Ane Fiskal (FY) 2023-2024 a ki totalize \$126,622,861; epi

ALÒSKE, bidjè Ane Fiskal (FY) 2023-2024 a gen ladan yon prelevman taks \$13,023,999, ki pa gen okenn ogmantasyon sou Ane Fiskal (FY) 2022-2023. Èd Leta yo ogmante pa \$8,012,890; epi

Afektasyon SIPLI

YO MANDE ke Konsèy Depatman Edikasyon an enkli nan bidjè final la yon afektasyon sipli nan montan \$1,832,431 an.

ALÒSKE, NJSA 18A:21-3, NJSA 18A:7G-31 ak NJSA 18A: 7F-41 pèmèt yon Konsèy Depatman Edikasyon an etabli ak/oswa depoze nan sèten kont rezèv nan fen ane a; epi

ALÒSKE, lwa mansyone pi wo a otorize pwosedi, anba otorite Komisyonè Edikasyon an, ki pèmèt yon Konsèy Edikasyon transfere depase revni ki pa prevwa oswa afektasyon inatandi yo nan kont rezèv pandan mwa jen an dapre rezolisyon Komisyon Konsèy la; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan vle transfere revni anplis ki pa prevwa pou ane aktyèl la oswa afektasyon ki pa depanse nan fon jeneral la nan yon kont Kapital Rezèv nan fen ane a; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lab te detèmine ke yon kantite lajan pa dwe depase \$1,000,000.

KOUNYÈ A, KI DONK, YO MANDE pou Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan otorize otorize Administratè Biznis la/Sekretè Konsèy distri a pou fè transfè sa a ki konsistan avèk tout lwa ak règleman ki aplikab yo.

ALÒSKE, bidjè pwovizwa pou Ane Fiskal (FY) 2023-2024 la gen ladan \$199,862 pou depans vwayaj ak \$4,083,241 pou devlopman pwofesyonèl ki dwe fikse, nan moman sa a, kòm maksimòm depans ki pèmèt pou kategori sa yo. Sèl chanjman nan seri tolerans maksimòm lan se kòm rezilta nenpòt sibvansyon siplemantè revni espesyal ki resevwa ki gen ladan vwayaj ak devlopman pwofesyonèl kòm yon aktivite apwouve; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon an otorize yon montan maksimòm chak ane \$1,500 pou chak anplwaye pou vwayaj biznis sèlman, men apwobasyon Konsèy Depatman Edikasyon distri a pa nesesè pou sa a.

KOUNYÈ A, KI DONK, YO MANDE KE, sou rekòmandasyon Sipèentandan Lekòl yo, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, aksepte epi apwouve bidjè pwovizwa Lekòl Piblik Orange lan pou Ane Fiskal (FY) 2023-2024 la nan montan \$126,622,861.

LIS TCHÈK APÈL POU PREZANS		
	WI	NON
David Armstrong		
Samantha Crockett		
Derrick Henry		
Siaka Sherif		
Tyrone Tarver		
Dr. Fatimah Turner		
Jeffrey Wingfield		
Sueann Gravesande Vis Prezidan Konsèy Lekòl yo		
Shawneque Johnson Prezidan Konsèy Lekòl yo		